

## Inkingo za COVID-19 - Amagarayo ku kazi n'umutekano w'abakozi

### **Mbega notegekwa ku nguvu kwiteza urukingo?**

Ntushobora gutegekwa ku nguvu kwiteza urukingo canke gucanwa mu vyo kwa muganga mu buryo bwose bubaho utabishaka.

Yamara, mu bihe bimwe bimwe, harashobora kubaho [amategeko avuye mu najejwe amahgara y'abantu](#) agusaba kwiteza urukingo kugira ngo ushobore gukora mu mahinguriro aho ushobora kwandura. Guma ufise inkuru zigezweho kandi ugumane impanuro zivuye mu bakozi bakorera mu amagara y'abantu.

### **Mbega umukoresha wanje arashobora kunsaba kwikingira COVID-19 hisunzwe amategeko y'amagara yo ku kazi n'umutekano?**

Ku bakozi benshi, umukoresha wawe ntazashobora kugusaba kwiteza urukingo hisunzwe amategeko ajanye n'amagara yo ku kazi n'umutekano.

Yamara, harashobora kubaho ibinyuranye n'iryo tegeko, cane cane iyo ukora mu mahinguriro aho ushobora kwandura vyoroshe. Harashobora kandi kubaho [amategeko ajanye n'amagara y'abantu](#) asaba ko witeza urukingo.

Nimba umukoresha wawe agusavye kwiteza urukingo, bategerezwa kuguha inkuru n'ibikoresho kugira ngo ufate ingingo ubanje kwiyumvira. Vugana na muganga wawe asanzwe akuvura nimba ufise amakenga. Vugana [n'umuganga wawe, hamwe n'abajejwe gucungera ingene ivy'imiti bigenda](#), ababaserukira mu vy'amagara y'abantu n'umutekano (HSR) canke ishira hamwe ry'abakozi kugira ngo babigufashemwo.

Ku nkuru zijanye n'uburenganzira bw'aho abantu bakorera, vugana na [n'umuhuza ajajwe guhuza abakoresha n'abakozi](#).

### **Novuga iki ku gikorwa canje nk'umukozi agengwa n'amategeko y'amagara yo ku kazi n'umutekano? Ibi bisigura yuko ntegerezwa kwicancisha, kwiteza urukingo?**

Nk'umukozi, utegerezwa kwicungera no kwirinda bihagije kandi ntukore ikintu na kimwe cozanira amagara yawe inabi hamwe n'icozanira inabi abo mukorana n'abandi bantu. Utegerezwa gukurikiza amategeko ava mu gisata kijejwe amagara y'abantu n'umutekano uhawe n'umukoresha wawe uko bishobka kwose.

Nimba hariho itegeko canke amategeko akomotse mu gisata c'amagara y'abantu asaba yuko wicancisha, witeza urukingo, urashobora kwiteza urukingomkugira ngo ushobore gukora, canke ubandanye gukora muri iryo hinguriro.

### **Mbega umukoresha wanje akwiriye kubanza kuvugana nanje imbere yuko ansaba kwiteza urukingo ku kazi aho nkorera?**

Ego. Nimba umukoresha wawe ashaka yuko mwesi mukingirwa mu kwiteza urukingo, ategerezwa kubanza kubagisha inama hamwe n'uwubaserukira mu bijanye n'amagara n'umutekano niba bariho,

imbere yuko afata ingingo iyo ari yo yose. Uregerezwa kubabarira nimba hariho impamvu ituma udashobora kwiteza urukingo.

### **Nza nariteje urukingo. None ndacakeneye kwirinda nk'uguhana inta, no gukaraba?**

Ego. Urukingo rwiza ni igice gituma ikibano kiba mu mahoro n'umutekano kandi kitandura. Bandanya gufata izi ntambuko kugira ngo ukinge ukurandagata kwa COVID-19:

- kwirikiza amategeko avuye mu bajejwe amagara y'abantu
- ntuje ku kazi wumva utameze neza. iyo ufise ibimenyetso vya COVID-19; canke wabariwe kuguma i muhira n'abajejwe amagara y'abantu
- kora uko bishoboka kwose kugira ngo ukore mu mutekano; harimwo no kwemera gusuzumwa kugira ngo COVID-19 btirandagata harimwo n'uguhana inta hagati y'umuntu n'uwundi hamwe n'ugukaraba
- kwirikiza uko wabibariwe
- baza nimba utazi ingene bikoreshwa neza
- koresha ibikoresho vyo kwikingira ubwawe (PPE) nk'amashesheti yo ku maboko mu buryo wigishijwe kandi wabwiwe ko bikoreshwamwo
- shikiriza ababijejwe ikintu icyo ari cyose kitagenda neza ku mukoresha wawe, canke ababaserukira mu vy'amagara n'umutekano

### **Izindi nkuru**

- [Inkuru zo ku magara n'inkingo- igisata c'amagara y'abantu](#)
- [Amagara yyo ku kazi n'umutekano - gukora neza mu mutekano akazi muri kazi](#)
- [Uburenganzira bw'aho abantu bakorerera - umuhuza w'abakozi araba ko ibintu vyose bigenda neza](#)